**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ РЕСПУБЛИКИ
СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ-АЛАНИЯ
ГОСУДАРСТВЕННОЕ БЮДЖЕТНОЕ
ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ
СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА №47**

# ФЕДЕРАЛЬНАЯ РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

# ОСНОВНОГО ОБЩЕГО ОБРАЗОВАНИЯ

учебного предмета
**«Родной (осетинский) язык »**
**для 9-х классов**

г. Владикавказ, 2024

**КУСÆН ПРОГРАММÆ ИРОН ÆВЗАГÆЙ 9-ÆМ КЪЛАСÆН**

Кусæн программæ арæзт у Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы Министрады уынаффæмæ гæсгæ фидаргонд программæйы бындурыл (Ирон æвзаджы программæ 1-11 кълæстæн. – Дзæуджыхъæу: СЕМ, 2014. – 76 ф.).

Сахæтты нымæц лæвæрд цæуы, 9-æм къласы 2016-2017 азы Республикон Базисон пълан куыд амоны (къуыри 2 сахаты ирон æвзагæй), уымæ гæсгæ.

Кусæн программæ аразгæйæ, хъусдард цыд универсалон ахуырадон архæйдтыты иумæйаг программæмæ (ФПАС), мадæлон æвзаджы урокты сыл куыд кусын хъæуы, уыцы амынддзинæдтæм.

7-11 кълæстæн арæзт ирон æвзаджы кусæн программæтæ дæр арæзт у Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы Министрады уынаффæмæ гæсгæ фидаргонд программæмæ гæсгæ (Ирон æвзаджы программæ 1-11 кълæстæн. – Дзæуджыхъæу: СЕМ, 2014. – 76 ф.), фæлæ 2004 азы паддзахадон стандарты бындурыл.

***Предметы хицæндзинад:*** Ирон æвзаг у ирон адæмы уд æмæ зонд, ирон адæмы культурæйы хæзнадон; ирон æвзаг у ныхас кæныны, хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз, нæ адæмы царды тыххæй зонындзинæдтæ кæрæдзийæн дæттыны фæрæз. Ранымад уавæртæ амонынц предметы хицæндзинад: мадæлон æвзаг хъæздыгдæр æмæ мидисджындæр кæны скъоладзауты миддуне, сæ дунембарынад; ирон æвзаджы фæрцы сывæллæттæ базонгæ уыдзысты сæ рагфыдæлты историимæ, нæ адæмы културæ æмæ царды уагимæ.

Æвзаг канд хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз нæу, æвзаг у хъомылады хотых, æмæ уымæ гæсгæ ирон æвзаджы ахуыртæн скъолайы ис стыр ахадындзинад.

Ахуырадон предмет «Ирон æвзаг» ахуырдзаутæн дæтты зонындзинæдтæ сæ мадæлон æвзаджы тыххæй, рæзын сын кæны сæ æвзаджы æмæ ныхасы арæхстдзинæдтæ. Программæйы нысан у: ахуырдзауты æвзаджы æмбарынæдтимæ базонгæ кæнын, практикон æгъдауæй сæ пайда кæныныл фæцалх кæнын.

Ирон æвзаг скъолайы ахуыр кæныны сæйраг ***нысантæ*** сты скъоладзаутæм рæзын кæнын æвзагон, коммуникативон æмæ лингвистикон компетенцитæ.

*Æвзагон компетенци у* зонын, мадæлон æвзаджы арæзт æмæ дзы куыд пайдагæнæн ис уый, литературон æвзаджы сæйраг нормæтæ, æвзаг æмæ ныхасы аивдзинад.

*Коммуникативон компетенци* нысан кæны мадæлон æвзагæй ныхасы алыхуызон уавæрты, ныхасы темæ æмæ нысæнттæм гæсгæ пайда кæнынмæ арæхсын, зонын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы культурæйы бындуртæ.

*Лингвистикон компетенцимæ* хауынц скъоладзауты зонындзинæдтæ наукæ «Ирон æвзаг»-æй, йæ хæйтты æмæ æвзаг наукон æгъдауæй ахуыр кæныны нысæнттæ, стæй, ирон æвзаджы фæрстытæ цы ахуыргæндтæ иртæстой, уыдоны тыххæй æрмæг.

*Иумæйагæй ахуырадон предмет «Ирон æвзаджы»* ***сæйраг хæстæ*** *сты:*

логикон хъуыдыкæнынады рæзтыл кусын;

скъоладзаутæн сæ мадæлон æвзаг бауарзын кæнын, фæцалх сæ кæнын ирон æвзаг хибарæй ахуыр кæныныл;

иумæйаг ахуырадон арæхстдзинæдтæ рæзыныл куыст (удгоймагон, регулятивон, зонындзинæдтæ исыны (познавательный), коммуникативон);

хъомыладон куыст.

## I. ФПАС-ы бындурыл 7-9-æм къæлæсты ирон æвзаджы кусæн программæ

Уæрæсейы Федерацийы Министрады бардзырдмæ гæсгæ (от 31 декабря 2015 года № 1577 «О внесении изменений в ФГОС ООО, утвержденный приказом МОН РФ от 17 декабря 2010 года № 1897»), ахуырадон предметты кусæн программæты хъуамæ уа æртæ хайы. Уыдон сты:

1) нысангонд предметон фæстиуджытæ (предметные результаты);

2)ахуырадон предметы мидис;

3) тематикон пълан, алы темæйæн дæр цы сахæтты нымæц лæвæрд цæуы, уыимæ.

ФПАС-мæ гæсгæ 5-æм къласæй 9-æм класы онг ирон æвзаг æмæ литературæ ахуыр кæнынæн лæвæрд цæуы къуыри æртæ сахаты, 10-11-Æм къæлæсты та – къуыри 1 сахат.

Республикон Базисон пълан амоны, фæсурокты куыст æххæст кæнынæн цы рæстæг лæвæрд цæуы, уымæй къуыри 1 сахат ирон æвзаг æмæ литературæйæн дæттын. Афтæмæй, ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыртæ 5-9-æм къæлсты арæзт цæуынц ахæм хуызы:

ахуыры азы 1-аг æмбисы (первое полугодие):

ирон æвзагæй   къуыри 1урок+ 1 сахат фæсурокты куыстæн;

ирон литературæйæ  къуыри 2 урочы;

ахуыры азы 2-аг æмбисы (второе полугодие):

ирон æвзагæй  къуыри 2 урочы,

ирон литературæйæ  къуыри 1 урок +1 сахат фæсурокты куыстæн.

Афтæмæй, 5-9 къæлсты ирон æвзагæн ахуыры азы лæвæрд цæуы– 68 сахаты.

Нæ Кусæн программæ дæр арæзт цæуы ацы сахæттæм гæсгæ.

## 1.  «Ирон æвзаг» ахуыр кæныны предметон фæстиуджытæ

Стандарты домæнтæм гæсгæ скъоладзаутæм хъуамæ уа бæлвырд зонындзинæдтæ ирон æвзагæй.  Иумæйагæй ион æвзаг ахуыр кæныны фæстиуджытæ сты:

*Предметонтæ:*

1. Ирон  æвзаджы курсы мидис 5–9-æм къæлсты æнгом баст у ахуыры хæстимæ. Уый домы, цæмæй ахуырдзаутæ фаг зонындзинæдтæ райсой æвзаджы æппæт хæйттæй дæр: фонетикæ, орфоэпи, лексикæ, фразеологи, морфемикæ, морфологи, синтаксис, стилистикæ æмæ ныхасы културæйæ; зоной мадæлон æвзаджы ахадындзинад, йæ ахуыр кæныны истори, йæ диалекттæ æмæ ныхасыздæхтытæ; æвзаджы фысгæ æмæ дзургæ формæтæ, баст ныхас цавæр у æмæ, йæ рæзын кæныны куыст цы æмбарынæдтыл æнцой кæны, уый æ. а. д.

2. 9-æм къласы  кæрон  ахуырдзаутæ  хъуамæ  арæхсой:

– фонетикон, дзырдарæзтон, лексикон, морфологион, синтаксисон æвзæрст кæнынмæ;

- алыхуызон вазыгджын хъуыдыйæдтæ аразынмæ, тексты мидис æмæ стилистикон ахуырстмæ  гæсгæ  хъуыдыйæдтæ раст аразынмæ;

- тексты стиль æмæ функционалон хуыз иртасынмæ;

- литературон æвзаджы нормæтæм хъус даргæйæ, хи ныхас аразын.

*Орфографийæ:* Орфографи æмæ морфологийы фæрстытæ хуыздæр бамбарыны тыххæй скъоладзаутæ хъуамæ раздæр базоной дзырдты мырон конд, мырты ивынад, ома фонетикæйы фæрстытæ.
Æнæ рæдыдæй фыссынæн стыр æхххуыс у дзырдты арæзт зонын. Дзырдарæзты фæрстытыл æнцой кæнын хъæуы, ныхасы хæйттæ ахуыргæнгæйæ дæр. Æргом здахын хъæуы дзырдæн йæ уидаг, фæсæфтуан æмæ кæрон агурынмæ, æмуидаг дзырдтæ хъуыды кæнынмæ.

*Пунктуацийæ.* Хъуыдыйæдты хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ æвæрын, 5-9 кълæсты пунктуацион æгъдæуттæй пайда кæнынæ арæхсын, пунктуацион рæдыдтытæ ссарын, раст сæ кæнын; хъуыдыйад пунктуацион æвзæрст кæнын.

*Орфографийæ.* Рацыд орфограммæ ссарын зонын, цы дзырды æмбæлы, уый раст фыссын; дзырды растфыссынад бацамонын; орфографион рæдыд ссарын, бацамонын æй; дзырды орфографион анализ; 5-9 кълæсты цы раиртæстытимæ базонгæ сты, уыдон зонын, пайда кæнынмæ сæ арæхсын.

*Ныхасы рæзтæй.* Ныхасы алыхуызон стильтæ æмæ хуызтæм гæсгæ текcттæ аразын; текст кæронмæ фыссын; дыгурон диалектыл фыст текстты мидис æмбарын кæнын; тексты стиль бæрæг кæнын; текстæн конспект, тезистæ, рецензи фыссын; литературон-критикон уацхъуыдæй (кæнæ стыр уацхъуыды хайæ) конспект æмæ тезистæ аразын; сочиненитæ фыссын публицистикон темæйыл; хъуыддаджы гæххæттытæ (курдиат, автобиографи, суагъæ) фыссын; сочиненийы мидис æмæ æвзаг хуыздæр кæнын; диалогтæ аразын; тексты алыхуызон рæдыдтытæ агурын æмæ сæ раст кæнын.

***9-æм къласы ахуырдзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ предметæй***

*Скъоладзаутæ хъуамæ зоной:*
– 9-æм къласы æвзагæй цы темæтæ сахуыр кодтой, уыдонæн сæ сæйрагдæрты раиртæстытæ;
– орфограммæты хуызтæ;
– бабæтгæ æмæ домгæ бастдзинады хуызтæ;
– вазыгджын хъуыдыйæдты хуызтæ æмæ арæзт;
– стилистикæйы æмбарынæдтæ;
– тексты хуызтæ æмæ ныхасы стильтæ;
– дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хицæндзинæдтæ;

– тексты арæзт; стильтæ, се ’взагон миниуджытæ;
– æвзаджы тыххæй иумæйаг зонинæгтæ;
– æрхæцæн нысæнтты хуызтæ æмæ се ’вæрыны æгъдæуттæ;
– ирон æмæ дыгурон диалектты иуæй-иу грамматикон хицæндзинæдтæ.

*Скъоладзаутæ хъуамæ арæхсой:*
– вазыгджын хъуыдыйæдтæ аразынмæ;
– вазыгджынгонд хуымæтæг хъуыдыйæдтæ аразынмæ;
– синтаксисон синонимтæй пайда кæнынмæ ныхасы стиль æмæ мидисмæ гæсгæ;
– тексты хуыз, йæ хæйттæ æмæ стиль иртасынмæ;
– литературон æвзаджы нормæтæ бæрæг кæнынмæ;
– вазыгджын хъуыдыйады æрхæцæн нысæнттæ æмбарын кæнынмæ;
– вазыгджын хъуыдыйад раст хъæлæсы уагæй кæсынмæ;
– домгæвазыгджын хъуыдыйад, иртæстгонд уæнгтæ кæм уа, ахæм синонимон хуымæтæг хъуыдыйадæй ивынмæ;
– пунктуацион рæдыдтытыл кусынмæ;
– цы орфограммæтæ ахуыр кодтой, уыдон амонынмæ æмæ орфографион рæдыдтытæ раст кæнынмæ;
– ныхасы алыхуызон стильтæ æмæ хуызтæм гæсгæ тексттæ аразынмæ;
– текст кæронмæ фыссынмæ;
– дыгурон диалектыл фыст текстты мидис æмбарын кæнынмæ;
– тексты стиль бæрæг кæнынмæ;
– текстæн конспект, тезистæ, рецензи фыссынмæ;
– литературон-критикон уацхъуыдæй (кæнæ стыр уацхъуыды хайæ) конспект æмæ тезистæ аразынмæ;
– сочиненитæ фыссынмæ публицистикон темæйыл;
– хъуыддаджы гæххæттытæ (курдиат, автобиографи, суагъæ) фыссынмæ;
– сочиненийы мидис æмæ æвзаг хуыздæр кæнынмæ;
– диалогтæ аразынмæ;
– тексты алыхуызон рæдыдтытæ агурынмæ æмæ сæ раст кæнынмæ.
– фонетикон, дзырдарæзтон, лексикон, морфологион, синтаксисон æвзæрст кæнынмæ.

| № | ны-мæц | Урочы темæ | сах. | Урочы хуыз | Ахуыры фæстиуджытæ (ФПАС-мæ гæсгæ) | | | Ахуырадон архæйдтытæ |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | **Предметон** | **Универсалон ахуырадон архæйдтытæ** | **Удгоймагон** | |
| **1.** | **10.09.24** | «Нал у сæрд йæ сæрæн – Бурниз ыл фæзынд» (Къадзаты С.). | **1** | Ныхасы-тематикон урок: | Ныхасы рæзтыл бакусын. Ирон æвзаджы орфографион æмæ пунктуацион æгъдæуттæ бафидар кæнын. | **Коммуникативон:** ныхасмæ хъусын, æмбарын æй; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ. **Регулятивон:** хи архæйдтыты фæтк хибарæй сбæлвырд кæнын; хъæугæ информаци ссарын æмæ рахицæн кæнын. **Базонæн**: æвзаджы æмбарынæдтæ зæрдыл æрлæууын кæнын | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Беседæ, индивидуалон бафарст; фронталон бафарст; нывмæ гæсгæ куыстытæ, тексты анализ; сфæлдыстадон куыст. |
| **2.** | **12.09.24** **17.09.24** **19.09.24** | Синтаксисы тыххæй рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын | **3сах.** | | Зæрдыл æрлæууын кæнын синтаксисы æмбарынæдтæ; æвзаджы иуæгтæ кæрæдзиуыл барын, анализ сæ кæнын | **Коммуникативон:** хи ныхас аразын, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнын **Регулятивон:** хи хъуыдытæ раргом кæнынæн хъæугæ дзырдтæ ссарын. | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыст. Къордты куыст, индивидуалон куыст |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | зонын | **Базонæн**:<br>хи ныхас раст рацаразын,<br>проблемæ раст сбæрæг кæнын. | тых æнкъарын | |
| **3.** | **24.09.24** | Дзырдбаст. Хуымæтæг хъуыдыйад. Хъуыдыйады уæнгтæ. | 1 | Комбинарон урок. | Зæрдыл æрлæууын кæнын дзырдбаст æмæ хъуыдыйады хицæндзинæдтæ, дзырдбаст æмæ хъуыдыйад аразыны мадзæлттæ | **Коммуникативон:**<br>хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн**:<br>хи архæйдтыты рефлекси;<br>хи хъуыдытæ (зонындзинæдтæ) логикон æгъдауæй равæрын. | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ.<br>Къордты куыст, индивидуалон куыст |
| **4.** | **26.09.244**<br>**1.10.24** | Хъуыдыйæдтæ сидæнтимæ, бавæргæ дзырдтæ æмæ æвастхъæртимæ. Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ. Бæттæгтæ хъуыдыйады æмхуызон уæнгтимæ. | 2 | Комбинарон урок. | Зæрдыл æрлæууын кæнын синтаксисон æмбарынæдтæ: сидæн, бавæргæ конструкцитæ, æмхуызон уæнгтæ. | **Коммуникативон:**<br>хи ныхас аразын, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнын<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ рахизын | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Тексты пунктуацион анализ. Хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ аразынил куыст.<br>Диалогон ныхасы |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | **Базонæн:**<br>æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын | | рæзтыл куыст |
| **5.** | **4.10.24** | Вазыгджын хъуыдыйады æмбарынад. | **1** | Тематикон урок. | Æрдзурын вазыгджын хъуыдыйады хицæндзинадыл;<br>æвзаджы иуæгтæ кæрæдзиуыл барын, анализ сæ кæнын зонын | **Коммуникативон:**<br>хи ныхас аразын, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнын<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ рахизын<br>**Базонæн:**<br>æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Текстимæ куыст: тексты анализ, текст рацаразыныл куыст æмæ а.д., алыхуызон жанрты æмæ функционалон хуызты текстты аразын; |
| **6.** | **8.10.**<br>**12.10.24**<br>**15.10.24** | Бæттæгджын вазыгджын хъуыдыйæдтæ. Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад. Йæ хицæндзинæдтæ. | **(3 сах.)**<br>1 | Ног æрмæг амоныны урок | Равзарын бæттæгджын вазыгджын хъуыдыйады хицæндзинæдтæ. | **Коммуникативон:**<br>хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн**:<br>хи архæйдтыты | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыст. Къордты куыст, индивидуалон куыст |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | рефлекси;<br>хи хъуыдытæ (зонындзинæдтæ) логикон æгъдауæй равæрын. | | |
| **7.** | **19.10.24**<br><br>**22.10.24** | Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ иугæнæг, ныхмæвæрды æмæ дихон бæттæгтимæ. Ærхæцæн нысæнттæ бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдты. | 2 | Ног æрмæг амоныны урок | Равзарын бæттæгджын вазыгджын хъуыдыйады хицæндзинæдтæ. | **Коммуникативон:**<br>хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн**:<br>хи архæйдтыты рефлекси;<br>хи хъуыдытæ (зонындзинæдтæ) логикон æгъдауæй равæрын. | | Хъуыдыйады æвзæрст. Сфæлдыстадон куыстытæ.<br><br>Диалогон ныхасы рæзтыл куыст.<br><br>Тексты пунктуацион анализ. |
| **7.** | **26.10.24** | Текстмæ хæстæг (бæлвырд) изложени. | **1** | Ныхасы рæзтыл кусыны урок | Ныхасы рæзтыл бакусын.<br>Ирон æвзаджы орфографион æмæ пунктуацион æгъдæуттæ бафидар кæнын. | **Коммуникативон:** ныхасмæ хъусын, æмбарын æй; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи архæйдтыты фæтк хибарæй сбæлвырд кæнын; хъæугæ | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыст. Къордты куыст, индивидуалон куыст |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | информаци ссарын æмæ рахицæн кæнын. **Базонæн**: æвзаджы æмбарынæдтæ зæрдыл æрлæууын кæнын | | |
| **8.** | **5.11.,8.11. 12.11,15.11,19.11,22.11,26.11, 29.11** <br><br> **3.12,6.12** | Домгæвазыгджын хъуыдыйад. <br><br> Сæйраг æмæ уæлæмхæст хæйттæ. | **10 сах.** | Ног æрмæг амоныны урок | Равзарын домгæвазыгджын хъуыдыйæдты хуызтæ æмæ сæ арæзт. | **Коммуникативон:** хи ныхас аразын, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнын **Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ рахизын **Базонæн:** æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Синтаксисон æвзæрстытæ; домгæвазыгджын хъуыдыйад, иртæстгонд уæнгтæ кæм уа, ахæм синонимон хуымæтæг хъуыдыйадæй ивын. |
| **9.** | **6.12.24** | Бæттæгтæ æмæ бæттæг дзырдтæ домгæвазыгджын хъуыдыйæдты. | 1 | Фæлхат кæныны урок | Дзырды хæйттæ зæрдыл æрлæууын кæнын; дзырд æвзарын куыд зонынц, уый сбæрæг кæнын | **Коммуникативон:** ныхасмæ хъусын, æмбарын æй; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ. **Регулятивон:** хи архæйдтыты фæтк хибарæй сбæлвырд кæнын; хъæугæ информаци ссарын | Ирон лексикæйы хъæздыгдзинад æнкъарын | Дзырдарæзтон æвзæрстытæ, ног дзырдтæ аразынил куыст |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | æмæ рахицæн кæнын. **Базонæн**: æвзаджы æмбарынæдтæ зæрдыл æрлæууын кæнын | | |
| **10.** | **10.12.24** | Уæлæмхæст хайы бынат домгæвазыгджын хъуыдыйады. | 1 | Фæлхат кæныны урок | Равзарын вазыгджын хъуыдыйæдты хуызтæ æмæ арæзт. | **Коммуникативон:** ныхасмæ хъусын, æмбарын æй; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ. **Регулятивон:** хи архæйдтыты фæтк хибарæй сбæлвырд кæнын; хъæугæ информаци ссарын æмæ рахицæн кæнын. **Базонæн**: æвзаджы æмбарынæдтæ зæрдыл æрлæууын кæнын | Æвзаджы иуæгтæ анализ æмæ синтез кæнынмæ тырнын | Рацыд æрмæджы фæдыл беседæ; индивидуалон бафарст; фронталон бафарст. Къордты куыст, индивидуалон куыст |
| **11.** | **14.12.24** | Контролон диктант | 1 | | Ирон æвзаджы орфографион æмæ пунктуацион æгъдæуттæ бафидар кæнын. | **Коммуникативон:** хи ныхас аразын, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнын **Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ рахизын **Базонæн:** | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Фысгæ куыст. Синтаксисон æвзæрстытæ. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын | | |
| **12.** | **17.12.24** | Уæлæмхæст хæйтты хуызтæ. Æмбарынгæнæн уæлæмхæст хай. Бæрæггæнæны уæлæмхæст хай. | 1 | Ног æрмæг амоныны урок | Равзарын вазыгджын хъуыдыйæдты хуызтæ æмæ арæзт. | **Коммуникативон:** хи ныхас аразын, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнын **Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ рахизын **Базонæн:** æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыст. Къордты куыст, индивидуалон куыст |
| **13.** | **21.12.24** | Фадатон уæлæмхæст хæйттæ. Бынаты уæлæмхæст хай. Афоны уæлæмхæст хай. | 1 | Ног æрмæг амоныны урок | Равзарын вазыгджын хъуыдыйæдты хуызтæ æмæ арæзт. | **Коммуникативон:** хи ныхас аразын, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнын **Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ рахизын | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Хъуыдыйады æвзæрст. Сфæлдыстадон куыстытæ Диалогон ныхасы рæзтыл куыст |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | **Базонæн:**<br>æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын | | |
| **14.** | **24.12.24** | Сочинени-тæрхон «Цæстмæхъус ныхас фыдбылыз хæссы» (Къ.). | 1 | Ныхасы рæзтыл кусыны урок. | Ныхасы рæзтыл бакусын.<br>Ирон æвзаджы орфографион æмæ пунктуацион æгъдæуттæ бафидар кæнын. | **Коммуникативон:**<br>хи ныхас аразын, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнын<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ рахизын<br>**Базонæн:**<br>æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыст. Къордты куыст, индивидуалон куыст |
| **15.** | **27.12.24** | Архайды хуызы уæлæмхæст хай. Æфсоны уæлæмхæст хай. | 1 | Ног æрмæг амоныны урок | Равзарын вазыгджын хъуыдыйæдты хуызтæ æмæ арæзт. | **Коммуникативон:**<br>хи ныхас аразын, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнын<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ рахизын | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Хъуыдыйады æвзæрст. Сфæлдыстадон куыстытæ. Къордты куыст, индивидуалон куыст |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | **Базонæн:**<br>æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын | | |
| **16.** | **11.01.25** | Нысаны уæлæмхæст хай.<br><br>Бадзырдон уæлæмхæст хай. | 1 | Ног æрмæг амоныны урок | Равзарын вазыгджын хъуыдыйæдты хуызтæ æмæ арæзт;<br>æвзаджы иуæгтæ кæрæдзиуыл барын, анализ сæ кæнын зонын | **Коммуникативон:**<br>хи ныхас аразын, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнын<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ рахизын<br>**Базонæн:**<br>æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Хъуыдыйады æвзæрст. Сфæлдыстадон куыстытæ. Къордты куыст, индивидуалон куыст |
| **17.** | **14.01.25** | Домгæвазыгджын хъуыдыйад къорд уæлæмхæст хаимæ. | 1 | Тематикон урок. | Равзарын вазыгджын хъуыдыйæдты хуызтæ æмæ арæзт. | **Коммуникативон:**<br>хи ныхас аразын, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнын<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ рахизын | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ. Вазыгджын хъуыдыйæдтæй пайда кæнгæйæ, цардæй ист цауы тыххæй дзурын |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | **Базонæн:**<br>æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын | | |
| **18.** | **18.01.25** | Сфæлдыстадон изложени (хуымæтæг хъуыдыйæдтæй домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ саразын). | 1 | Ныхасы рæзтыл кусыны урок. | Ныхасы рæзтыл бакусын.<br>Ирон æвзаджы орфографион æмæ пунктуацион æгъдæуттæ бафидар кæнын. | **Коммуникативон:**<br>хи ныхас аразын, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнын<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ рахизын<br>**Базонæн:**<br>æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын | | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыст. Къордты куыст, индивидуалон куыст |
| **19.** | **21,25,28,31 .01 25** | Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйад æмæ йæ хицæндзинæдтæ. Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады хæйтты ахаст кæрæдзимæ сæ хъуыды æмæ хъæлæсы уагмæ гæсгæ. Æрхæцæн | **4 сах.** | Ног æрмæг амоныны урок | Хъуыдыйады тыххæй рацыд æрмæг сфæлхат кæнын | **Коммуникативон:**<br>хи ныхас аразын, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнын<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ рахизын | Фыдыбæстæ æмæ мадæлон æвзагмæ уарзондзинад гуырын кæнын | Хъуыдыйады æвзæрст. Сфæлдыстадон куыстытæ |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | нысæнттæ æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдты. | | | | **Базонæн:** æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын | | |
| **20.** | **4.02.25**<br>**7.02.25** | Вазыгджын хъуыдыйæдтæ алыхуызон бастдзинæдтимæ: бæттæгтимæ æмæ æнæ бæттæгтæй | **2 сах.** | Фæлхат кæныны урок | Равзарын вазыгджын хъуыдыйæдты хуызтæ æмæ арæзт. | **Коммуникативон:** хи ныхас аразын, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнын<br>**Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ рахизын<br>**Базонæн:** æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын: | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыст. Къордты куыст, индивидуалон куыст; вазыгджын хъуыдыйады æрхæцæн нысæнттæ æмбарын кæнын; вазыгджын хъуыдыйад раст хъæлæсы уагæй кæсын. |
| **21.** | **11.02,14.02,18.02,21.02,25.02, 28.02.25**<br>**4.03.,7.03.25** | Стиль, стилистикæ. Официалон-хъуыддагон, наукон, публицистикон æмæ дзургæ ныхасы стильтæ; се 'взагон арæзт. | **8 сах.** | Ног æрмæг амоныны урок | Равзарын стилистикæйы æмбарынæдтæ, тексты хуызтæ æмæ ныхасы стильтæ. | **Коммуникативон:** хи ныхас аразын, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнын<br>**Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ рахизын<br>**Базонæн:** | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ; хъуыддаджы гæххæттытæ (курдиат, автобиографи, суагъæ) фыссын. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | ævzadžy iuægtæn analiz kænyn, dzyrdty æmæ xъuydyjædty xsæn axastytæ arazyn | | |
| **22.** | **11.03.25**<br>**14.03.25** | Аив литературон стиль, йæ хицæндзинад иннæ стильтæй. Лексикон, фразеологион æмæ грамматикон синонимтæ. | 2 | Ног æрмæг амоныны урок | Равзарын стилистикæйы æмбарынæдтæ, тексты хуызтæ æмæ ныхасы стильтæ; æвзаджы иуæгтæ кæрæдзиуыл барын, анализ сæ кæнын зонын | **Коммуникативон:** **т**ексты стиль æмæ ныхасы хуыз бæрæг кæнын. Тексты мидис фæрстытæм гæсгæ æвзарын. **Регулятивон:** тексты алыхуызон рæдыдтытæ агурын æмæ сæ раст кæнын. **Базонæн**: хи ныхас раст рацаразын, проблемæ раст сбæрæг кæнын. | Мадæлон æвзаджы аивдзинад æнкъарын; лексикон нормæтæй пайда кæнынмæ тырнындзинад гуырын кæнын | Текстимæ куыст: тексты анализ, текст рацаразыныл куыст æмæ а.д., алыхуызон жанрты æмæ функционалон хуызты текстæ аразын; |
| **23.** | **18.03.25** | Сæйраг домæнтæ дзургæ æмæ фысгæ ныхасмæ. Ныхасы культурæ | 1 | Комбинарон урок котролон урочы элементтимæ | Ærdзурын литературон æвзаджы нормæтыл, ныхасы сыгъдæгдзинадыл ; ирон æвзаг уарзын кæнын; бамбарын кæнын, ирон æвзаг нæ адæмы культурон хæзна кæй у, уый; не ’взаг нæ адæмæн кæрæдзи | **Коммуникативон:** **т**ексты стиль æмæ ныхасы хуыз бæрæг кæнын. Ныхасы пайда кæнын аивадон мадзæлттæй æмæ æндæр стилистикон фæрæзтæй. **Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Текстимæ куыст: тексты анализ, текст рацаразыныл куыст æмæ а.д., алыхуызон жанрты æмæ функционалон хуызты текстæ аразын; |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | æмбарыны сæйраг фæрæз кæй у, уый. | рахизын | | |
| **24.** | **21.03.25**<br>**25.03.25**<br>**4.04.25**<br>**8.04.25**<br>**11.04.25**<br>**15.04.25** | Æвзаджы тыххæй иумæйаг зонинæгтæ. Æвзаджы ахадындзинад æхсæнадон царды. Æвзаджы рæзты бастдзинад æхсæнады рæзтимæ. | **6 сах.**<br>1 | Тематикон урок. | Æрдзурын æвзаджы ахадындзинадыл адæймаджы царды, ныхас æмæ æвзаджы хицæндзинæдтыл; ирон æвзаг уарзын кæнын; бамбарын кæнын, ирон æвзаг нæ адæмы культурон хæзна кæй у, уый; не ’взаг нæ адæмæн кæрæдзи æмбарыны сæйраг фæрæз кæй у, уый. | **Коммуникативон:** хи ныхас аразын, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнын<br>**Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ рахизын<br>**Базонæн:** æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын | Фыдыбæстæм æмæ мадæлон æвзагмæ уарзондзинад гуырын кæнын | Текстимæ куыст: тексты анализ, текст рацаразыныл куыст æмæ а.д., алыхуызон жанрты æмæ функционалон хуызты текстæ аразын; |
| **25.** | **18.04.25** | Иумæйаг æмбарынад æвзæгты хæстæгдзинады тыххæй. Ирон æвзаджы бынат иннæ æвзæгты ’хсæн. | 1 | Ныхасы рæзтыл кусыны урок | Æрдзурын мадæлон æвзаджы ахадындзинадыл адæймаджы царды, ныхас æмæ æвзаджы хицæндзинæдтыл; ирон æвзаджы дзырдуæттæй пайда кæнынмæ арæхсын; | **Коммуникативон:** хи ныхас аразын, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнын<br>**Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ рахизын<br>**Базонæн:** | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ; темæмæ гæсгæ æнцойгæнæн схемætæ æмæ таблицæтæ цæттæ кæнын |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын | | |
| 26. | 22.04.25 | Ирон æвзаджы диалекттæ æмæ ныхасыздæхтытæ. Литературон æвзаг æмæ диалекттæ, ныхасыздæхтыты ахастдзинæдтæ | 1 | Ног æрмæг амоныны урок | Равзарын ирон æмæ дыгурон диалектты иуæй-иу грамматикон хицæндзинæдтæ. Æрдзурын æвзаджы сыгъдæгдзинадыл. | **Коммуникативон:** **т**ексты диалект кæнæ ныхасыздæхтæй ист дзырдтæ амонын. Иу диалекты дзырдтæ иннæ диалекты дзырдтæй ивын. **Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ рахизын **Базонæн:** æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ. Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ. |
| 27. | 25.04.25 29.04.25 | Ирон æвзаджы рæзт. Ирон æвзагзонынады историйæ. Ирон æвзагзонынады зынгæ ахуыргæндтæ. | 2 | Ныхасы рæзтыл кусыны урок. | Иумæйаг æмбарынад æвзæгты хæстæгдзинады тыххæй. Ирон æвзаджы бынат иннæ æвзæгты ’хсæн; ныхасы хуызтæй (дзурын, ныхасмæ хъусын, кæсын, | **Коммуникативон:** хи ныхас аразын, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнын **Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ | Фыдыбæстæм æмæ мадæлон æвзагмæ уарзондзинад гуырын кæнын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ; темæмæ гæсгæ æнцойгæнæн схемæтæ æмæ таблицæтæ цæттæ кæнын; ирон æвзаджы тыххæй докладтæ кæнын, |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | фыссын) пайда кæнынмæ арæхсын. | рахизын<br>**Базонæн:**<br>æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын | | проектон куыстытæ æххæст кæнын |
| 28. | 6.05.25 | Æвзаджы тыххæй иумæйаг зонинæгтæ | 1 | Фæлхат кæныны урок. | Иумæйаг æмбарынад æвзæгты хæстæгдзинады тыххæй. Ирон æвзаджы бынат иннæ æвзæгты ’хсæн;<br>ирон æвзаг уарзын кæнын;<br>бамбарын кæнын, ирон æвзаг нæ адæмы культурон хæзна кæй у, уый;<br>не ’взаг нæ адæмæн кæрæдзи æмбарыны сæйраг фæрæз кæй у, уый. | **Коммуникативон:**<br>Ныхасы темæ, стиль бæлвырд кæнын.<br>Ныхасы алы хуызтæй пайда кæнын.<br>Хатдзæгтæ кæнын исты темæйы фæдыл.<br>**Регулятивон:**<br>хи архæйдтыты фæтк хибарæй сбæлвырд кæнын; хъæугæ информаци ссарын æмæ рахицæн кæнын.<br>**Базонæн:**<br>æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ (сочинени-хæдзармæ куыст) |
| **29.** | **8,13,15,20.05.25** | Рацыд æрмæгæй бæрæг уаг скæнын.<br><br>Контролон куыст.<br><br>Сфæлдыстадон куыстытæ. | **4 сах.** | Фæлхат кæныны урок. | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын.<br><br>Ныхасы рæзтыл бакусын.<br><br>Ирон æвзаджы орфографион æмæ | **Коммуникативон:**<br>Ныхасы темæ, стиль бæлвырд кæнын.<br>Ныхасы алы хуызтæй пайда кæнын.<br>Хатдзæгтæ кæнын исты темæйы фæдыл.<br>**Регулятивон:** | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон | Беседæ, индивидуалон бафарст; фронталон бафарст; ныхмæ гæсгæ куыстытæ, тексты анализ; сфæлдыстадон |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | пунктуацион ægъдæуттæ бафидар кæнын. | хи архæйдтыты фæтк хибарæй сбæлвырд кæнын; хъæугæ информаци ссарын æмæ рахицæн кæнын.<br>**Базонæн:**<br>æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын | тых æнкъарын | куыст;<br>ирон æвзаджы тыххæй докладтæ кæнын, проектон куыстытæ æххæст кæнын |
| | | **Æдæппæт** | **68с ах.** | | | | | |